



Commonwealth of Massachusetts
Executive Office of Energy and Environmental Affairs

Department of Environmental Protection

Address: 100 Cambridge Street, Suite 900, Boston MA 02114 | **Phone:** 617-292-5500

Maura T. Healey
Governor

Kim Driscoll
Lieutenant Governor

Rebecca Tepper
Secretary

Bonnie Heiple
Commissioner

Avi Piblik

Avi Piblik sa a disponib nan lòt lang sa yo (Espanyòl -- Tiếng Việt -- Chinwa -- Kreyòl Ayisyen -- Pòtigè -- Kriolu Kabuverdianu) sou paj MassDEP a nan: <https://www.mass.gov/info-details/massdep-public-hearings-comment-opportunities>

Avi sa a fè konnen ke Depatman Pwoteksyon Anviwònman Massachusetts (MassDEP) pral òganize yon peryòd kòmantè piblik pou bay piblik la opòtinite pou fè kòmantè sou revizyon pwogram 310 CMR 7.73 la: *Redwi Emisyon Metàn ki soti nan Prensipal ak Sèvis Distribisyon Gaz Natirèl anvan MassDEP pwopoze règleman ki an mizajou a.*

Règleman ki nan 310 CMR 7.73(9) la egzije pou MassDEP konplete yon revizyon sou pwogram nan, sa ki enkli yon opòtinite pou piblik la fè kòmantè sou revizyon pwogram nan, sou egzijans 310 CMR 7.73 yo pou detèmine si pwogram nan ta dwe modifye oswa pwolonje. Revizyon an dwe evalye si wi ou non li dwe egzije itilizasyon teknoloji fezaab pou detekte ak kantifye flit gaz, ak nenpòt lòt enfòmasyon ki enpòtan pou pwogram nan.

Pwopozisyon Revizyon Pwogram 310 CMR 7.73 a enkli kesyon pou moun ki gen enterè ak demann enfòmasyon pou sèten konpayi distribisyon lokal yo. Genyen tou yon fichye kalkil sipò ki gen kalkil limit emisyon estime yo nan pwopozisyon an. Dokiman sa yo disponib nan: [Reducing Methane \(CH₄\) Emissions from Natural Gas Distribution Mains & Services \(310 CMR 7.73\)](#). (← Sit sou Rediksyon Emisyon Metàn (CH₄) ki soti nan Prensipal Distribisyon Gaz Natirèl ak Sèvis yo (310 CMR 7.73).

Peryòd kòmantè piblik la pou kesyon ak demann enfòmasyon sou *Pwopozisyon Revizyon Pwogram 310 CMR 7.73 la* ap fini 9 Janvyè 2026, a 5:00 p.m. Ou ka soumèt kòmantè ak enfòmasyon bay climate.strategies@mass.gov.